АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и етхуанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хэхыным теухуауэ Iэ щаIэтыну, Iэ зэраIэтам кърикIуахэр къыщабжыжыну хэхыпIэ участкэхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

*2007 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м* *Налшык къалэ №5/1*

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» Федеральнэ Законым и 26 статьям и пункт 12-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м Iэ щаIэтын, Iэ зэраIэтам кърикIуахэр къыщабжыжын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхыпIэ участкэу 358-рэ къыщызэгъэпэщын я номерхэр зэкIэлъыкIуэу №1-м къыщыщIэдзауэ №358-м нэсу, абыхэм ящыщу:

| | | |
|---|---|---|
| 1. Бахъсэн муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 26-рэ | №№1-25, 356 |
| 2. Бахъсэн къалэ округым | ХэхыпIэ участкэ 16 | №№26-39, 357, 358 |
| 3. Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 25 | №№40-64 |
| 4. Лэскэн муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 11 | №№65-75 |
| 5. Май муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 22-рэ | №№76-97 |
| 6. Налшык къалэ округым | ХэхыпIэ участкэ 102-рэ | №№98-199 |
| 7. Прохладнэ муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 33-рэ | №№200-232 |
| 8. Прохладнэ къалэ округым | ХэхыпIэ участкэ 21-рэ | №№233-253 |
| 9. Тэрч муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 23-рэ | №№254-276 |
| 10. Аруан муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 23-рэ | №№277-299 |
| 11. Шэджэм муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 18 | №№300-317 |
| 12. Шэрэдж муниципальнэ районым | хэхыпIэ участкэ 17 | №№318-334 |
| 13. Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым | ХэхыпIэ участкэ 21-рэ | №№335-355 |

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщытедзэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**

**Журт Леонид Хьэсэнбий и къуэр унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Бахъсэн районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

*2007 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м* *Налшык къалэ №5/2*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм яхуэгъэзауэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ Законым и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям, «Район, къалэ (республикэ унафэм щIэт къалэ) щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм хэт цIыху бжыгъэм и IуэхукIэ» 2003 гъэм фокIадэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къищта Унафэ №41/5-7-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Бахъсэн районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Журт Леонид Хьэсэнбий и къуэр, 1972 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м къалъхуар, и IэщIагъэкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Ислъэмей къуажэм дэт курыт еджапIэ №3 щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэр, «Урысейпсо педагогическэ зэхуэс» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщытедзэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**

**Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр Бахъсэн Артур Барэсбий и къуэм щхьэщыхыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

*2007 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м* *Налшык къалэ №5/3*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и пункт 2-м и «а» пункт къуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям и «е» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Езыр къызэрылъэIуам ипкъ иткIэ Бахъсэн Артур Барэсбий и къуэм щхьэщыхын унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщытедзэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН А ндрей**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**

**Абрэдж Галинэ Мухьэмэд и пхъур, Гуанэ Хьэсэнбий ПIытIу и къуэр унафэ къыщащтэкIэ Iэ яIэтыну хуитыныгъэ яIэу Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм иУнафэ

*2007 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м* *Налшык къалэ №5/4*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэм яхуэгъэзауэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ Законым и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 7 статьям, «Район, къалэ (республикэ унафэм щIэт къалэ) щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм хэт цIыху бжыгъэм и IуэхукIэ» 2003 гъэм фокIадэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къищта Унафэ №41/5-7-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къыщащтэкIэ Iэ яIэтыну хуиту Бахъсэн къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн:

Абрэдж Галинэ Мухьэмэд и пхъур, 1971 гъэм гъатхэпэм и 5-м къалъхуар, и IэщIагъэкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэ №3 щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ IуэхущIапIэм и бухгалтер нэхъыщхьэр, езыр зыхэт лэжьакIуэ гупым къагъэлъэгъуар;

Гуанэ Хьэсэнбий ПIытIу и къуэр, 1957 гъэм щIышылэм и 17-м къалъхуар, и IэщIагъэкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, «Пресс» мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэм и унафэщIыр, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ГъащIэ» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и советым и бюром къигъэлъэгъуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщытедзэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**

# Лъэпкъ проектым хыхьэу

• Ухуэныгъэ

БАХЪСЭН къалэ округым и ухуакIуэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ илъэсым щыщу блэкIа мазибгъум мылъкум и къыхэкIыпIэ псоми я хьэкъкIэ лэжьыгъэрэ Iуэ хутхьэбзэу сом мелуан 40-м щIигъу и уасэ зэфIагъэкIащ. Абы и Iыхьэ плIанэр езыхэм я къарукIэ къызэрагъэпэщыжащ. Зи гугъу тщIы зэманым кърикубыдэу «Урысейм и цIыхухэм - псэупIэ тэмэм» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, фэтэр 40 хъу псэупIэ унэ ятащ, езы цIыхухэм я мылъкукIэ метр зэбгъузэнатIэ мини 2,2-м щIигъу яухуащ, Дыгулыбгъуей хьэблэм еджапIэ дащIыхьащ.

Иджыпсту зэлэжьхэм ящыщщ сабий поликлиникэр, жьы хъуа унэхэм щIэс хэр здагъэIэпхъуэну псэупIэр, кубометр мини 3-м тещIыхьа псы хъумапIэр, нэгъуэщIхэри.

САФРОНОВ Анатолий.

# Жылагъуэр щхъухьым щыхъумэн

*Мы гъэм щIышылэм и 1-м къару игъуэтащ «Ерыскъыпхъэ Iущхьэ» Р 52533-2006 ГОСТ-м. Абы егъэув щIакхъуэгъажьэ, IэфIыкIэ промышленностым дагъэ зыщIэлъ ерыскъыпхъэ Iущхьэм и жылэхэр къызэрыщагъэсэбэпыну, апхуэдэу ахэр цIыхухэм зэрыращэну щIыкIэр. ГОСТ-м къызэригъэувымкIэ, ерыскъыпхъэ Iущхьэм и жылэхэм ежьуж лей хэлъ хъунукъым: тхьэмпэхэм, жэпкъхэм щыщхэр, апхуэдэу езы Iущхьэм и сэмб цIыкIухэр. Къаща мардэщIэм Ипщэ Федеральнэ округым и щIыналъэм «ерыскъыпхъэ» Iущхьэм и жылэхэр зэрыщащэр игъэтэмэмауэ пIэрэ? Абы теухуауэ дэ депсэлъащ УФ-м Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федерал IуэхущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и следствэ къудамэм и унафэщI полицэм и полковник Шэрджэс Виктор.*

**- Виктор, ГОСТ-р къызэращтам къыхэкIыу IэфIыкIэхэм халъхьэ Iущхьэм пыщIа гугъуехь псори зэфIэха хъуа?**

- ГОСТ-р зэрызэрахъуэкIар япэ лъэбакъуэу аращ, абы щытыкIэр зэрыригъэфIэкIуэнур зымащIэкIэщ. Белджылыщ IэфIыкIэм халъхьэ Iущхьэм теухуа унафэр Урысей Федерацэм и хабзэгъэув, гъэзэщIакIуэ властхэм къащтэн зэрыхуейр.

Дауи, абы дежьэу дыщыс хъунукъым. Ипщэ Федеральнэ округым и властхэр хущIокъу езыхэм я щIыналъэхэм щытыкIэр щрагъэфIэкIуэну. Фызэрыщыгъуазэщи, 2004 гъэм ди республикэм и Парламентым унафэ къищтауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым IэфIыкIэхэм халъхьэ Iущхьэр къыщагъэсэбэпыну пIалъэкIэ хуит мыщIыным теухуауэ. Ауэ абы къару зэриIар мазэ зыбжанэщ. Осетие Ищхъэрэм апхуэдэ унафэр иджыри къэс щызокIуэ.

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым къищта икIи республикэм и Президентым диIыгъа унафэм ипкъ иткIэ мы гъэм и гъэмахуэм дэ адрей хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ органхэр тщIыгъуу къэтпщытащ Iущхьэ зыщэ сату IуэхущIапIэхэу пщIы зыбжанэ. Ауэ жыIэн хуейщ абыкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIыр.

**- Уэ узэреплъымкIэ, сыт лэжьын хуейр наркотик зыхэлъ Iущхьэу ящэр нэхъри гъэмэщIэнымкIэ?**

• Ди псэлъэгъухэр

- Сэ къызэрыслъытэмкIэ, IэфIыкIэхэм халъхьэ Iущхьэр къэралым къыщрашэкIэ сыт и лъэныкъуэкIи къапщытэныр нэхъ тэмэмщ, ар къэзыгъэсэбэпхэм япэубыдыным нэхърэ. ИтIанэ а Iущхьэр щIэпхъаджагъэ мурадхэмкIэ къахуэгъэсэбэпынукъым. Апхуэдэу ерыскъыпхъэ Iущхьэр къашэну икIи ящэну хуимыту ягъэувмэ, хабзэхъумэхэм Iэмал ягъуэтынущ ар Урысей Федерацэм и щIыналъэм щыIэ сату IуэхущIапIэ псоми къыщатхьэкъунымкIэ.

**- Iущхьэ зыхэлъ IэфIыкIэхэр зыфIэфIхэм я гугъу тщIынти. «Iущхьэ прессым» къызэрыгуэкI ерыскъыпхъэ Iущхьэри щIимыубыдэну пIэрэ?**

- Унэгуащэхэр щIэгуэзэвэн щыIэкъым. IэфIыкIэхэм халъхьэ Iущхьэ тэмэмым наркотикхэр къыхащIыкIыфынукъым. Апхуэдэхэр хуиту ящэнущ. Наркотик зыхэлъхэмрэ зыхэмылъхэмрэ я уасэмкIэ зэщхьэщокI - иужьрейхэр хуэдэ зыбжанэкIэ нэхъ пудщ. И теплъэкIэ наркотик зыхэлъ Iущхьэм и жылэр IэфIыкIэхэм халъхьэм къащхьэщокI зэрысабафэмкIэ, я жэпкъхэр щабэу зэрызэпыудамкIэ. Ауэ апхуэдэ Iущхьэр IэфIыкIэхэм халъхьэм хуэдэу ящэ. Апхуэдэ Iущхьэ жылэр зытегъэщэща IэфIыкIэ хэр пшхыну гурыхькъым икIи шынагъуэщ. Зэдгъэпщэнти: ар зэщхьыр героин грамм зыбжанэ къапщтэу фошыгъум хэбгъэзэрыхьынырщ. Наркотикыр сытым хамылъхьами зэрынаркотикыу къонэж.

**- АтIэ сыт хуэдэ щIыкIэкIэ наркотик зыхэлъ Iущхьэ жылэр ди тыкуэнхэм къызэрыщIэхутэр?**

-Лэжьэн щыщIэддза дыдэм дэ апхуэдэ Iуэху зэхэдгъэкIын хуей хъуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, наркотик зыхэлъ Iущхьэр нэхъыбэу Тыркум, Чехием, Голландием кърашырт.

Интернетым и сайтхэм куэду щыбгъуэтынущ Голландием и Iущхьэхэр узыхуейм хуэдизу зэращэм теухуа хъыбархэр. Абы щыгъуэми IэфIыкIэхэм халъхьэ Iущхьэу Урысейм щащэр хуэдищэ зыбжанэкIэ нэхъыбэщ ди къэралым и щIакхъуэгъажьэ, IэфIыкIэ промышленностыр зыхуейм нэхърэ.

НэгъуэщI къэралхэм, щхьэтечу жыпIэмэ, Голландием къраш ерыскъыпхъэ Iущхьэр куэдрэ къэтпщытащ. Дэ къэтщIащ ар зэрыкъабзэ дыдэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, щхъ ухьэр абы щыхалъ хьэр Урысейрщ.

Iущхьэм химие ткIуаткIуэхэмкIэ елэжьа иужь, наркотик гуащIэ къых окI. Ар зэзыхьэлIэхэр а щхъ ухьым псынщIэ дыдэу йосэ. Дохутыр-наркологхэм жаIэ апхуэдэ щхъухьыр зэзыхьэлIэхэр куэдкIэ нэхъ сымаджэ хъууэ, абыхэм я нервхэр, тхьэмщIыгъур, жьэжьейр зэтрехуу, героин зэзыхьэлIэхэм нэхърэ нэхъ Iейуэ.

Зи гугъу тщIы щхъухьыр бгъэхьэзырыну зэрытыншым икIи ар зэрыпудым къыхэкIыу ахэр зэзыхьэлIэхэр ныбжькIэ нэхъ щIалэхэрщ икIи абы нэхъри зэIегъэхьэ демографие щытыкIэр.

**- Дауи, ГОСТ-х эм я закъуэкIэ щытыкIэр пхузэхъуэкIынукъым. Сыт абы папщIэ лэжьын хуейуэ къэплъытэр?**

- Дэ дызэреплъымкIэ, УФ-м и КоАП-мрэ УК-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн хуейщ, 52533-2006 ГОСТ-м къигъэув хэм емызэгъыу IэфIыкIэхэм халъхьэ Iущхьэр зыщэ псори административнэ, уголовнэ жэуапым ешэлIэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу ерыскъыпхъэ Iущхьэм наркотикыу хэлъынур зыхуэдизым и мардэр Урысей Федерацэм и хабзэхэм щыубзыхуныр щIэгъэпсынщIапхъэщ. Абыхэм къадэкIуэу къару псори хуэунэтIын хуейщ Iущхьэм и жылэ мыкъабзэхэр, щхъух зыхэлъхэр Урысей Федерацэм и щIыналъэм къремыгъэшэным икIи щемыгъэщэным. Мы Iуэхум я нэIэ трагъэтыпхъэщ хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ орган псоми.

Зи гугъу тщIы наркотик лIэужьыгъуэхэр егъэщэным къикIыр цIыхухэр мы щхъухьым дедгъэхьэхыу, зэрыщыту ди жылагъуэр лъэрымыхь тщIыуэ аращ. Мы къалэнхэр зэфIэгъэкIыным зэкъуэту елэжьыну къапэщытщ ар зэгъэщIылIа IуэхущIапIэ псоми (хабзэхъумэ, медицинэ, сату, санитар-эпидемиологие, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм, нэгъуэщIхэми). ЦIыхухэр а щхъухь шынагъуэм щыхъумэныр зэрыщыту лъэпкъыр къызэтегъэнэным пэлъыта Iуэхущ.

*Зыгъэхьэзырар*
МЭРШЭНКЪУЛ Натальещ.

• Машинэ зыщI IэнатIэм

# Я Iуэхухэр Iейкъым



Шыгунэ Алий

**Ди республикэм и IуэхущIапIэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ Бахъсэндэт «Автозапчасть», «Налшык машинэ завод» ОАО-хэр.**

«АВТОЗАПЧАСТЬ» заводым и унафэщI Москаленкэ Владимир къызэрыджиIамкIэ, предприятэр и къалэнхэм хъарзынэу полъэщ. Дызэрыт илъэсым и япэ мазиийм кърикубыдэу абы къыщIигъэкIащ сом мелуан 251-рэ и уасэ продукцэ. Iуэхур дегъэкI продукцэм и фIагъым зэрегугъум, щэхуакIуэхэм тэмэму зэрадэлажьэм. Заводым щащI глушителхэр Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Украинэм, Белоруссием, Къэзахъстаным, Азербайджаным, нэгъуэщIхэми щащэху. Я хьэрхуэрэгъухэм япэхъун, абыхэм ящхьэдэхын папщIэ глушителхэр гъущI мыулъийм къыхащIыкIыу щIадзащ, продукцэр езыгъэфIакIуэ нэгъуэщI зэхъуэкIыныгъэхэри IэнатIэхэм халъхьэ.

Улахуэми хэпщIыкIыу хохъуэ. Къапщтэмэ, 2006 гъэм и шыщхьэIум мазэ лэжьапщIэр ику иту сом 6415-рэ хъууэ щытамэ, мы илъэсым ар сом 8315-м нэсащ. IэщIагъэлIхэм - гъущI зэпызыгъавэхэм, станокхэм бгъэдэтхэм, инструментальщикхэм - сом мини 10, абы щIигъу къахь. ЛэжьакIуэхэм я бжыгъэми хохъуэ: иджыпсту цеххэм щIэтщ цIыху 600-м щIигъу.

- ЕхъулIэныгъэхэм къадэкIуэу, гугъуехьхэри диIэщ, - жеIэ Москаленкэ Владимир. - 2003 гъэм и пэкIэ Пенсэ фондым и щIыхуэшхуэ къыттехуащи, ди къарукIэ тхуэпшыныжыркъым. Дызэрылажьэ Iэмэпсымэхэр, оборудованэр процент 80-м нэскIэ тешхыхьащи, зэтхъуэкIын хуейщ. Иужь зэманым прессу 8, гъущI зэрызэпагъавэ иджырей аппарату зыбжанэ къэтщэхуащ, мы махуэхэм бжьамийхэр къызэрагъэш станокыщIэ къытIэрыхьэну дыпоплъэ, гъэ къакIуи апхуэдэ зы къэтщэхунущ.

Заводым къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ IэнатIэхэм нэхъри зегъэубгъуныр, иджыпсту тщIы «Евро-2» поршеным и пIэкIэ «Евро-3»-м хуэкIуэныр, «ГАЗ» автозаводым ар щыпхыгъэкIыныр, IэщIагъэлIхэмкIэ ирикъуу зыкъызэгъэпэщыжыныр.

- Машинэ зыухуэ IэнатIэхэр дуней псом щыпашэу щытащ, апхуэдэуи къонэж. Си фIэщ мэхъу дяпэкIи зэрызыдузэщIынур, ехъулIэныгъэфIхэр къызэрытхьынур, къыхигъэщащ Москаленкэ Владимир.

Республикэм и предприятэ нэхъыжьхэм ящыщ Налшык машинэ заводри мы гъэм мыIейуэ мэлажьэ.

- ЛэжьакIуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ тщIакъым, абыхэм зэпымыууэ ящIэн ягъуэт, улахуэри и зэманым ядот, - жеIэ заводым и инженер нэхъыщхьэ Шыгунэ Алий. - Мазэ улахуэр ику иту сом 6660-рэ мэхъу, IэщIагъэлIхэм сом мини 10 хуэдиз, абыхэм ящыщу нэхъ Iэзэ дыдэхэм мин 20-м нэс къалэжь. КъыщIэдгъэкI продукцэр процент 15-кIэ нэхъыбэ тщIащ. Мы гъэм ди мурадщ щIыдагъэм зэрелэжь IэмэпсымэУ, агрегату сом мелуани 160-рэ и уасэ дгъэхьэзыру щэхуакIуэхэм яхуедгъэшэну. Абы щыщу сом мелуан 99-м щIигъу и уасэ тщащ. Мы илъэсым ди мурадхэр къанэ щымыIэу къызэрыдэхъулIэнум шэч къытетхьэркъым.

Заводым и продукцэм щIэупщIэшхуэ иIэщ. Ар нэхъыфI дыдэхэм зэращыщым и щыхьэтщ Урысейм щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэхэм, зэхьэзэхуэхэм медалхэр, щытхъу тхылъхэр, саугъэтхэр куэдрэ къызэрыщытхьыр.

Предприятэм и экономикэр нэхъри ефIэкIуэн папщIэ дяпэкIэ и къару псомкIи дгъэлэжьэнущ зэманыфI ипэкIэ къызэIутхауэ щыта «Автосервис» IуэхущIапIэр, псы хущхъуэ щрагъахъуэ цехыр етIанэгъэ едгъэжьэнущ.

**УЭРЭЗЕЙ Рашид.**

# Суд Iуэхум тетхыхьхэр судыщIэхэм я щIэгъэкъуэнщ

**Иджыпсту газетхэм куэдрэ ущрохьэлIэ судым и лэжьыгъэр зыуб, судыщIэхэр мыхъумыщIэу къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэхэм. ЗанщIэу жытIэнщи, а псори тэмэму къэплъытэ хъунукъым. Ауэ мы IэнатIэми Iуэхур зэрыщытын хуей дыдэм хуэдэу зэрыщемыкIуэкIыр гурыIуэгъуэщ икIи судыщIэхэр куэдрэ прессэм зэриубым захуагъэ хэлъщ.**



Зумакулов Далхат

СУДЫЩIЭХЭМ Я VI урысейпсо съездым къыщыщыпсалъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир зыбжанэрэ къыхигъэщащ суд системэр «зэхуэщIауэ», и лэжьэкIэр зыхуэдэр хэIущIыIу зэримыщIыным хущIэкъуу зэрыригъэкIуэкIыр езы IэнатIэм зэран къызэрыхуэхъур, цIыхухэми судым хуащI дзыхьыр зэригъэмащIэр. УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщI Лебедев В.М. иригъэкIуэкIа зэIущIэхэм ящыщ зым щыжиIащ иджырей зэманым судыщIэхэм я лэжьыгъэр нэхъ зэIухауэ, Iэмал зэриIэкIэ, цIыху нэхъыбэ кърихьэлIэу къызэрызэгъэпэщыпхъэр.

ЗэIухауэ судым иригъэкIуэкI сыт хуэдэ зэIущIэми абы едэIуэну гукъыдэж зиIэ дэтхэнэ цIыхури пэрыуэ имыIэу кърихьэлIэну хуитщ. Ауэ, Законым зэрыжиIэмкIэ, судыр щекIуэкI пэшым щызэхуэсхэм я бжыгъэр мардэ пыухыкIам трагъэувэ хъунущ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын папщIэ. Къапщтэмэ, судым зэIущIэр щригъэкIуэкI пэшым щIагъэхьэркъым фадэ ефахэр, наркотикхэр зэзыхьэлIахэр, тэмакъкIэщIыгъэ къэзыгъэлъагъуэ цIыхухэр, балигъ мыхъуахэр, нэгъуэщIхэри. Судыр зэрекIуэкIым едэIуэну хуейхэр щIагъэхьэ пэшым тIысыпIэу иIэм тещIыхьауэ. Суд зэIущIэм и тхьэмадэм и унафэр пэшым щIэс псоми ягъэзэщIэну я къалэнщ. А унафэм текIхэр зэIущIэр щекIуэкI пэшым къыщIагъэкI икIи законым ипкъ иткIэ жэуапым ирашалIэ.

ЗэIухауэ ирагъэкIуэкI зэIущIэм щIэсхэм хуитыныгъэ яIэщ судым и екIуэкIыкIэр ятхыну, аудио пленкэхэм тратхэну икIи абы папщIэ зэIущIэм и тхьэмадэм хэхауэ хуит зыкърагъэщIын хуейкъым.

ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм сурэтхэр трахын, судым и екIуэкIыкIэр видео пленкэхэм тратхэн, радиокIэ къатын папщIэ судыщIэм хуит зыкърагъэщI. ИщхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа IэмалхэмкIэ судым и екIуэкIыкIэр щатхкIэ судым и лэжьыгъэм зэран хуэхъу хъунукъым. Хэхауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ, судыр зыми зэрыIэщIэмылъым, ар лъэныкъуэ гуэрым и телъхьэу зэрыщымытым, суд лэжьыгъэм зыри хэIэбэну зэрыхуимытым къыхэкIыу, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм судым къищта унафэхэр къызыхэкIам теухуа упщIэхэр ягъэувыну зэрыхуимытыр. Зыхэплъа Iуэхум теухуауэ судым къищта унафэм къеджэжа иужь, журналистхэм хуитыныгъэ яIэщ зэIущIэм и тхьэмадэу щысам хуит зыкърагъэщIу, суд унафэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ защIыну, абы федеральнэ законым ипкъ иткIэ яхъумэн хуей щэху хэмытмэ. Ауэ процессуальнэ законым тету и кIэм намыгъэса Iуэхухэм ятеухуа материалхэр журналистхэм иратыркъым. А хабзэр хуэгъэзащ суд лэжьыгъэм и лъэныкъуэ псоми: къызэгъэпэщыныгъэ Iуэхухэми, судыщIэхэр гъэхьэзырынымрэ суд лэжьакIуэхэр зэщIэгъэуIуэнми, дисциплинарнэ тезырхэр зэрытралъхьэ щIыкIэми, судхэм я лэжьыгъэр зэтегъэувэнми.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и судыщIэхэм нэгъэсауэ къагуроIуэ дэтхэнэ Iуэхуми и пэжыпIэм теухуа хъыбар къаIэрыхьэну цIыхухэм конституцэ хуитыныгъэ зэраIэр. Ар дэ ди лъэныкъуэкIи текI имыIэу къызэдгъэпэщыну ди къалэнщ. Ауэ абы къыдэкIуэу, суд лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр хэIущIыIу щIыным езы судым и пщIэри нэрылъагъуу къеIэт, лэжьыгъэр ирегъэфIакIуэ, сыту жыпIэмэ, езым къищтэ дэтхэнэ унафэри хэIущIыIу зэрыхъунур къызыгурыIуэ судыщIэр Iуэхум нэхъ егугъуу, жэуаплыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэнущ, уеблэмэ дэтхэнэ документри нэхъ нэгъэсауэ, гурыIуэгъуэу, щыуагъэншэу итхынущ.

Суд лэжьыгъэр нэхъ зэIухауэ щытыным пыщIа Iуэху щхьэхуэхэр дигъэкIынущ тхьэусыхафэхэр къызэрыIахыр егъэфIэкIуэным, абыхэм щыхэплъэ процессуальнэ пIалъэхэр къызэпымыудыным, законым езэгъыу, лъабжьэ быдэм тету унафэхэр къэщтэным.

Суд властIэ дызэджэм и лэжьыгъэм жылагъуэр щыгъуазэ щIыным пыщIа Iуэхухэр иджы щыщIэдзауэ йокIуэкI. Абы и щыхьэтщ газетхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэмрэ УФ-м и Суд департаментым и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэмрэ квартал къэс къыдагъэкI бюллетеным судыщIэхэм я тхыгъэхэр къызэрытехуэр, ахэр радиомрэ телевиденэмкIэ щIэх-щIэхыурэ къызэрыпсалъэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и суд лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм - СудыщIэхэм я советым сэбэпынагъ пылъу къелъытэ суд лэжьыгъэр зэIухауэ, хэIущIыIуу щытыным, ар печатым, телевиденэм тэмэму къыщыгъэлъэгъуэным. Абы и лъэныкъуэкIэ судыщIэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм зэран яхуэхъуну хуиткъым. Хэхауэ законым къыщыгъэлъэгъуа Iуэху щхьэхуэхэм нэмыщI, адрейхэм деж цIыхубэ хъыбар-егъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр суд зэIущIэм щIэсыну, ар зэрекIуэкIыр къагъэлъэгъуэну пэзыубыд судыщIэхэм я IэщIагъэм къемызэгъ хабзэншагъэ ялэжьу къалъытэ.

Сыт хуэдизу я зэманыр зэпэмыубыдами, сыт хуэдиз лэжьыгъэ къапэщымылъми, судыщIэхэм я къалэнщ журналистхэм епсэлъэн папщIэ зыхущIагъэхьэну. ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм зэдыщIэкIыу юридическэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щамыIэкIэ, ахэр щыщыуэ, законым и мардэхэр мытэмэму къащыгурыIуэ къохъу. Абы и лъэныкъуэкIэ судыщIэхэр дэIэпыкъуэгъу нэс хъуфынущ. Пэжщ, судым и лэжьыгъэр ягъэпудыну, ар зэрыщымыту къагъэлъэгъуэну хущIэкъухэр апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэкъым икIи жылагъуэм и сэбэп зыхэлъхэм зэрытемылажьэр, захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ я хабзэхэр къызэрызэпаудыр зыуи кърадзэркъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ тхыгъэ щхьэхуэхэм республикэм къыщыдэкI языныкъуэ газетхэми дыщрохьэлIэ.

Шэч хэмылъу, дэ тщыщ дэтхэнэми и жагъуэ мэхъу апхуэдэ тхыгъэ мыхъумыщIэхэр къыщыдэкIым деж. Ауэ, Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Лебедев В.М. УФ-м и судыщIэхэм я VI съездым зэрыщыжиIащи, дэ сытым дежи къэтлъытапхъэщ прессэр ди ныкъуэкъуэгъуу зэрыщымытыр, ар ди лэжьэгъуу, ди дэIэпыкъуэгъуу къызэрекIуэкIыр. Урысей судым и лэжьэкIэм теухуа пэжыр цIыхубэм ялъэдгъэIэсын папщIэ дэ дызыщыгугъыр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я закъуэщ. Абы къыхэкIыу судыщIэхэм ди къалэнщ сытым дежи прессэм зыщIэдгъэкъуэну. Судхэр зэIухауэ егъэкIуэкIыпхъэщ. СудыщIэхэм ягъэпщкIунрэ щIауфэнрэ яIэкъым. Абыхэм законыр зэрагъакIуэу аращи, къалэн нэхъыщхьэу къапэщытыр закон мардэхэр тэмэму къэгъэсэбэпынырщ.

СудыщIэхэм я зэгухьэныгъэм сытым дежи фIыщIэ яхуещI хабзэм къемызэгъ Iуэхухэр зылэжь икIи суд властыр зыгъэпуд суд лэжьакIуэ щхьэхуэхэр къыщIэзыгъэщ тхыгъэхэр прессэм къыщызыIэтхэм. Судыр зэIухауэ щытыным зи сэбэп хэлъыр судыщIэхэм я закъуэкъым. Ар иджы къэрал политикэр зыхуэунэтIа Iуэхуу щытщ. Абы къыхэкIыу судыщIэхэм я зэгухьэныгъэм мурад быдэ иIэщ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэрапыщIам зригъэубгъуну икIи шэч къытрихьэркъым апхуэдэ лэжьыгъэм жылагъуэми езы суд IэнатIэми я сэбэп зэрыхэлъым.

**ЗУМАКУЛОВ Далхат,**
*КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и судыщIэ, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.*

• Ди къалащхьэм



**Налшык и теплъэм кIуэ пэтми зехъуэж. Иужьрей илъэсхэм абы дащIыхьащ е щызэрагъэпэщыжащ унэ, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэр. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIащ Лениным и проспектым. Иджы ухуакIуэхэр еувэлIащ Печатым и унэм и гупэм къит, архитектурэ и лъэныкъуэкIэ удэзыхьэх мы ухуэныгъэ екIум.**

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

